

LKS

BASA JAWA

TEMBANG GAMBUIH SERAT WULANGREH

I D E N T I T A S

Sekolah : SMP Negeri 3 Jumantono
Mata pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas/Semester : VIII / Gasal


Kompetensi Dasar:

- 3.2 Menelaah teks Serat Wedhatama pupuh Gambuih
- 4.2 Menanggapi isi Serat Wedhatama pupuh Gambuih dan menulis syair tembang Gambuih dengan bahasa sendiri serta menyajikanya secara lisan/tulis.

Ancase Pasinaon :

Lumantar pendekatan saintifik lan model pembelajaran discovery learning, kowe kabeh bisa identifikasi struktur lan kaidah *tembang Gambuih* lisan utawa tulisan, ngandharake tegese tembung kang kinandhut ing *tembang Gambuih Serat Wedhatama* lisan utawa tulisan, nemtokake *pitutur luhur tembang Gambuih* lisan utawa tulisan, uga bisa analisis relevansi *pitutur luhur tembang Gambuih* karo urip jaman saiki mawi lisan utawa tulisan lan bisa nggawe syair *tembang Gambuih* lisan utawa tulisan, uga bisa nyawisake *tembang Gambuih* lisan utawa tulisan, uga ngrembakakake tumindak religius, tanggung jawab, bekerja keras, uga bisa ngrembakakake kabisa **berpikir** kanthi **kritis, kreativitas, kolaborasi, komunikasi (4C)**.

PETA KONSEP



URUT-URUTANING PASINAONAN



"Sura dira jaya jayaningrat, lebur dening pangastuti"

Tegese: kabeh sipat ala, dengki, srei, lan angkara murka, amung bisa dikalahake dening kawicaksanan, lembah manah, lan sabar.

STIMULUS

Gatekna video kang wis Bu Guru kirim ing WAG mau...!

Sawise kok semak,
Tembang mau klebu jinise tembang....



Tembang macapat

Tembang tengahan

Tembang gedhe

Tembang dolanan

Banjur bukaken HP mu lan
bukaken internet golekana sing
nganggit/ngarang Serat
Wulangreh, yaiku



Hamengku Buwana IV

Paku Buwana IV

Mangkunegara IV

Pakualaman



Saiki ayo dilanjutake PASINAON!

Macapat yaiku salah sawijing kasusastran ana ing budaya Jawa kang awujud tembang, kamangka tembang iku wujud geguritan (puisi) dudu gancaran (prosa). Saben *pada* (bait) kaperang saka pirang-pirang *gatra* (baris), dene *gatra* (baris) kaperang saka pirang-pirang *wanda* (suku kata). Ana ing pungkasan *gatra* (baris) ana *swara* (vokal) kang tumiba ing sajrone tetembungan/*cakepan* (KBBI, 2004: 1423). Miturut *akronim* Macapat iku kadhapuk saking tembung *maca papat-papat* (Sudjarwadi, 1980: 86). Tembang macapat duweni titenan kang beda karo tembang liyane, yaiku tembang macapat duweni paugeran-paugeran tartamtu gumantung saka *pupuhe* (metrum), pramila paugeran-paugeran mau diarani *Guru Lagu*, *Guru Gatra*, lan, *Guru Wilangan*.

Semaken *cakepan*
(lirik) tembang ing
ngisor iki, banjur
wangsulana
pitakonane..!

Pada 1

Sekar gambuh ping catur,
Kang cinatur polah kang kalantur,
Tanpa tutur katula-tula katali,
Kadaluwarsa katutuh,
Kapatuh pan dadi awon.

Pada 2

Aja nganti kebanjur,
Barang polah ingkang nora jujur,
Yen kebanjur sayekti kojur tan becik,
Becik ngupayaa iku,
Pitutur ingkang sayektos.

Pada 3

Tutur bener puniku,
Sayektine apantes tiniru,
Nadyan metu saking wong sudra pepeki
Lamun becik nggone muruk,
Iku pantes sira anggo.

REFLEKSI

Pilihlah wangsulan pitakon-pitakon ing ngisor iki kang bener...!

1. Paugeran tembang macapat kang negesake cacahing gatra saben sapada, diarani...

A. Guru gatra

B. Guru lagu

C. Guru wilangan

2. Guru wilangane tembang ing dhuwur yaiku...

A. 7, 10, 12, 8, 9

B. 7, 10, 12, 8, 8

C. 8, 10, 12, 8, 7

3. Guru lagu tembang gambuh gatra kaping telu, yaiku...

A. 12

B. i

C. 12i

4. Tembang Gambuh ing Serat Wulangreh ana ... pada.

A. 17

B. 16

C. 15

5. Tembung “sekar” miturut tembang ing dhuwur anduweni teges...

A. kembang

B. tembang

C. jeneng

6. “Kapatuh pan dadi awon”. Gatra kasebut anduweni teges...

A. Yen dikulinakne dadi becik

B. Yen dikulinakne dadi ora becik

C. Yen dikulinakne dadi ambyar

7. Tembung “sayektos/sayekti” anduweni teges...

A. Awon

B. Bener/temenan

C. Ngapusi

8. “Bcik ngupayaa iku”. Gatra kasebut anduweni teges...

A. Tumindak kang becik kudu diusahakne

B. Tumindak ala iku dibudidaya

C. Manut pitutur kang becik

9. Tembung “sudra” anduweni teges...

A. Sombong

B. Sugih

C. Asor

10. Pitutur tembang Gambuh Serat Wulangreh pada katelu, yaiku...

A. Pitutur becik iku kudu ditiru nadyan saka wong asor.

B. Nindakake pitutur becik saka wong sugih tok.

C. Manut kekarepane dhewe tanpa ngrungokake pitutur wong liya.



Kaca Benggala

No	Tumindak kang dilakoni ing pasinaon	Inggih	Boten
1	Atur donga saderengipun saha sasampunipun sinau		
2	Tansah nggunakake Basa Jawi		
3	Tansah ngemutaken mitra ingkang boten nggunakaken basa Jawa		
4	Kula remen nggarap gladhen		
5	Kula nggarap jalaran pikajengan kula pyambak		
6	Tansah tumindak sopan salebete pasinaon		
7	Kula boten nate kantun ngempalaken tugas		
8	Mlebet kelas boten nate kasep		



Sawise sinau materi tembang Gambuh ing dhuwur, coba cek kabisanmu ing ngisor iki, kanthi menehi tanda centang (✓)!

Kabisan	Sampun	Dereng
Paham ngengingi bab tembang gambuh		
Saged nintingi tembang gambuh (Struktur lan kaidah)		
Saged nembang gambuh		
Saged ndamel tembang gambuh		

Manawa sira mangsuli “DERENG”, banjur sinaunen maneh ing buku utawa internet bebarengan karo kancamu utawa guru. Manawa sira mangsuli “SAMPUN”, banjur dilanjutake pasinaon sabanjure.

PINTER

